


# Tès emoglobin A1c (A1C)

Tès emoglobin A1c (A1C oswa HbA1c) an mezire ki kantite emoglobin, yon pwoteyin nan san ou, ki kouvri ak sik. Li ede montre kijan nivo sik nan san ou te kontwole pandan 3 mwa ki sot pase la yo.<sup>1</sup>

Sa ka ede doktè ou a deside kijan tretman ou an ap mache epi si li bezwen chanje.

Li ka itilize tou pou ede dyagnostike yon moun ki gen dyabèt.



## Tès A1C an se yon tès san ki senp.

A1C	Sik nan san an mwayèn <sup>1</sup>
6%	126 mg/dL
7%	154 mg/dL
8%	183 mg/dL
9%	212 mg/dL
10%	240 mg/dL
11%	269 mg/dL
12%	298 mg/dL

Founisè swen sante ou a pral pran yon echantyon san nan bra oswa dwèt ou. Ou ka manje ak bwè anvan tès la.<sup>2</sup>



A1C an rapòte kòm yon pousantaj (%). Pifò moun ki gen dyabèt dwe kenbe A1C yo a anba 7%.<sup>3</sup>

Sepandan, founisè swen sante ou a ap ede deside kisa objektif A1C ou an dwe ye piske gen kèk moun k ap gen objektif diferan, tou depann de kondisyon sante yo.



A1C ou an ka rapòte tou kòm yon nivo glikoz (sik) nan san mwayen ki sanble ak sa ou abitye wè nan lektè glisemi nan san (sik) ou lakay.

Paske nivo sik nan san ou ka chanje chak jou, sa enpòtan pou mezire sik nan san ou lakay avèk lektè ou a.



A1C ou an p ap montre si ou te gen anpil rezulta sik ki wo oswa ba. Tès A1C an pa predi lavni. Ou dwe fè tcheke A1C ou a de (2) fwa pa ane pou pi piti.<sup>1</sup>

Si tretman ou an te chanje oswa si sik nan san ou pa byen kontwole, lè sa a ou ka bezwen gen pou fè tcheke A1C ou an pi souvan, petèt kat fwa pa ane.<sup>1</sup>

Founisè swen sante ou a ka di ou kilè ou dwe fè tcheke A1C ou an.

1. American Diabetes Association. Standards of Medical Care in Diabetes – 2019. Diabetes Care. 2019; Vol. 42 (Suppl. 1): S61  
2. Mayo Clinic. Tès A1C. <http://www.mayoclinic.org/tests-procedures/a1c-test/about/pac-20384643>. Te mete ajou nan dat 18 desanm 2018. Aksede nan dat 13 fevriye 2019.  
3. American Diabetes Association. Standards of Medical Care in Diabetes – 2019. Diabetes Care. 2019; Vol. 42 (Suppl 1): S63